

Depatman Edikasyon vil Nouyòk
New York City
Department of Education (NYCDOE)



Michael R. Bloomberg
Majistra

Joel I. Klein
Chanselye

Lekòl la entèdi pou yo fè vanjans kont moun ki rapòte yon ensidan sou asèlman oswa sou diskriminasyon oswa kont moun ki bay èd nan yon ankèt. Elèv ki kwè yo fè vanjans kont yo ta dwe kontakte yon sipèvizè lekòl la imedyatman.

Si w bezwen plis èd, ou kapab voye imèl nan -
RespectforAll@schools.nyc.gov

Konfidansyalite: Lekòl leta vil Nouyòk gen règleman pou respekte vi prive ak kenbe an sekre non tout moun ak temwen pou plent ki fèt dapre règleman sa a. Men, nesese pou konfidansyalite a dwe ekilibre kont obligasyon pou kolabore avèk ankèt lapolis, pou ofri pwosè jis pou akize a, oswa pou pran mezi ki nesese pou rezoud yon plent. Kidonk, yo kab divulge enfòmasyon konsènan yon plent nan sikonstans apwopriye ba moun ki bezwen konnen.

Responsablite

Kisa k ap pase apre yo fin fè yon plent?

N ap mennen ankèt sou tout plent kont asèlman oswa entimidasyon. Y ap enfòmè ni paran ki sanse victim lan (yo) ni paran elèv akize a (yo) sou rezilta envestigasyon an (ki dwe konfòm ak egzijans ki anvigè sou konfidansyalite).

Lè yon ankèt fini, n ap pran yon desizyon alekri pou di si sa te rive vre ak si konpòtman an gen pou wè ak entimidasyon oswa lòt vyolasyon Kòd disiplin lan.

Si konduit la se yon vyolasyon Kòd disiplin lan, n ap pran mezi apwopriye dapre nòm disiplin ak mezi entèvansyon ki anvigè pou vil la.

Si sa nesese, n ap bay konsèy endividyèl oswa konsèy angwoup oswa n ap fè lòt entèvansyon oswa toulède anmenmtan.

Ki èd ki genyen pou viktim entimidasyon?

Konseye lekòl yo disponib pou ofri sèvis konsèy.

NYCDOE

Respè pou tout moun

Fè lekòl leta vil
Nouyòk sennesof ak
favorab pou tout
elèv



Respè pou tout moun nan Lekòl leta vil Nouyòk

Chak elèv, gwoup pwofesè ak manm pèsònèl ki nan lekòl leta vil Nouyòk pote nan kominote eskolè nou an richès divèsite kiltirèl vil nou ak dezi pou tout moun jwenn respè.

Kòd Disiplin vil la pou lekòl leta vil Nouyòk entèdi elèv yo pou yo fè zak brutal sou lòt elèv oswa pou yo entimide lòt elèv pou okenn rezon, swa nan konpòtman vèbal oswa nan konpòtman fizik yo. Kòd disiplin la entèdi gen vye plezantri ki fèt oswa entimidasyon oswa toulède ak itilizasyon ti non jwèt oswa move pawòl ki gen pou wè ak ras, koulè, etnisite, peyi kote yo sòti,

Respè: apresyasyon pou valè oswa sans valè oswa ekselans yon moun; bon jan akseptasyon oswa koutwazi; respè pou diyite karaktè yon lòt moun; rekonesans; kondisyon pou jwenn apresyasyon ak lonè; pou montre respè oswa konsiderasyon pou yon lòt moun.

(ki gen ladan gwoup elèv zansèt komen, eritaj, eksperyans oswa sa ki sòti nan menm peyi), relijyon, gason oswa fi (sèks), idantite seksyèl, ekspresyon seksyèl, preferans seksyèl, oswa andikap. Règleman sa a anvigè nan espas lekòl la, nan otobis lekòl la ak nan tout aktivite lekòl la sipòte, pwogram ak evènman.

Kisa k ap pase yon elèv ki pratike diskriminasyon kont yon lòt elèv oswa ki asele yon lòt elèv?

Kòd disiplin Depatman Edikasyon an entèdi konpòtman sa a. Elèv ki vyole Kòd Disiplin vil la kapab jwenn mezi disiplinè apwopriye jan sa endike nan Kòd Disiplin lan ak nan Règleman A-443 Chanselye a.

Sa yo konsidere kòm konpòtman ki gen pou wè ak asèlman oswa diskriminasyon

Konpòtman asèlman oswa diskriminasyon se yon zak oswa plizyè zak negatif youn oswa plizyè elèv fè kont yon lòt elèv oswa kont yon gwoup elèv. Asèlman oswa diskriminasyon kapab fizik, vèbal oswa sosyal. Asèlman **fizik** gen pou wè ak domaj fizik oswa menas pou fè domaj. Asèlman **vèbal** gen pou wè ak anmède yon moun, fè plezantri ak moun lan oswa ensilte moun lan. Asèlman **sosyal** gen pou wè ak rejè oswa eskliyon kamarad klas pratike pou imilye oswa izole yon moun.

Ki kèk egzanp konpòtman ki entèdi?

- Menas oswa asèlman, entimidasyon oswa atak fizik sou yon lòt moun akòz ras moun lan, koulè li, etnisite li, relijyon li, peyi kote li sòti, sèks li, idantite sèks li, ekspresyon seksyèl li, preferans seksyèl li oswa andikap li.
- Itilizasyon langaj dezagreyab konsènan ras yon lòt elèv, koulè li, etnisite li, peyi kote li sòti, relijyon li, sèks li, idantite seksyèl li, ekspresyon seksyèl li, preferans seksyèl li, oswa andikap li.
- Anmède yon lòt elèv oswa fawouche li
- Fè plezantri dezagreyab oswa bay non oswa di move pawòl sou do lòt elèv akòz...
- Dokiman ekri oswa grafik, tankou grafiti, ki gen kòmantè oswa estereyotip ki swa afiche, sikile nan lekòl la oswa ekri oswa enprime sou rad oswa ki sikile sou entènèt (sibè-entimidasyon) ki degrade lòt elèv yo akòz...
- Estereyotip negatif oswa zak entimidasyon ki degradan pou lòt elèv yo akòz...

ras, koulè, etnisite, relijyon, sèks, idantite seksyèl, ekspresyon seksyèl, preferans seksyèl oswa andikap.

Kisa w ta dwe fè si w kwè yon lòt elèv ta asele ou oswa pratike diskriminasyon kont ou oswa si w ta temwen yon konpòtman konsa?

Elèv ki kwè yo se viktim konpòtman sovaj oswa entimidasyon yon lòt elèv fè sou yo, epi tout elèv ki wè oswa ki konnen yon konpòtman konsa, yo ta dwe rapòte ensidan an ba yon manm pèsònèl lekòl la imedyatman.

- Ou kapab pote plent pou diskriminasyon oswa asèlman alekri oswa aloral ba manm pèsònèl lekòl la ki nan lis afich **Respè pou tout moun** nan lekòl ou, epitou w ap jwenn afich sa a toupatou nan lekòl la oswa ou kapab mande nenpòt manm pèsònèl pou fè ou jwenn yon kopi afich la.
- Ou ta dwe pote plent lan imedyatman apre ensidan an (yo) pou yo kapab mennen ankèt sou yo epi rezoud yo avèk efikasite.
- Manm pèsònèl lekòl la ap transmèt plent elèv yo ba sipèvizè apwopriye lekòl la.
- Manm pèsònèl lekòl la ki temwen konpòtman asèlman oswa konpòtman diskriminasyon ap rapòte tou yon ensidan konsa ba sipèvizè apwopriye lekòl la. Manm pèsònèl la ap pran mezi apwopriye pou fè entèvansyon pou sispans konpòtman konsa.

Tanpri al gade Afich "Respè pou tout moun" ki afiche toupatou nan lekòl ou pou manm pèsònèl lekòl ki deziyen pou tout plent elèv pote kont elèv pou konpòtman ki gen pou wè ak asèlman oswa diskriminasyon.